

Si ou vle plis enfòmasyon, w oswa, si ou vle resevwa kopi lwa ki rele Florida Statute 766,301 ki bay tout sa a, ou ka rele nan telefon, ou bien ekri moun sa yo:



SUPPORTIVE SERVICES FOR
FAMILIES & PHYSICIANS

**Florida Birth-Related Neurological Injury
Compensation Association**

Post Office Box 14567

Tallahassee, Florida 32317-4567

Telephone: (850) 488-8191

Gratis: 1-800-398-2129

www.nica.com

Seksyon 766.301 – 766.316, Lwa Florida, ("lwa NICA") bay dwa ak remèd pou sèten domaj newolojik timoun epi li se yon remèd espesyal. Yo pare fòm sa a anakò ak manda Seksyon 766.316, Lwa Florida. Gen yon kopi gratis konplè lwa a disponib pou enfòmasyon yo sou dwa ak limit yo selon aplikasyon lwa Florida a. Depi 1989, anpil ka nan tribinal entèprete lwa NICA a, pou eklèsi entansyon legal la.

Creole

KÈ POZE

Pou Yon Problem Ki Rive Sanzatann



SUPPORTIVE SERVICES FOR
FAMILIES & PHYSICIANS

Nesans yon ti bebe ce yon maman gran jouisans pou tout fanmi. Nou gin tout rezon pou nou espere ke nesans la pral nomal e ki maman ak pitit va pral lakay an sante ak kontan. Malerezman, malgre tout konesans ak devouman dokte ak lopital, komplikasyon kapab rive lo ti bebe a fet. Pi gro komplikasyon ki kapab rive se problem avek sistem neve ti bebe a. Sa vle di ke sistem neve ti bebe a domaj anpil. Lè ti bebe a domaj kon sa, se yon gro katastrof pou ti bebe a, pou papa ak maman a paske yo gin pou depanse yon gro paket lajan, epi, ke tout moun kase.

Pou solve problem sèyis sa a, Florida la pase yon lwa an 1988 ki ofri yon Plan kalite ki bay yon lot mwayin pou nou gen ed san nou pas bezoin peye avoka pandan lontan. Lwa sa a etabli yon asosiyasyon ki rele "Florida Birth-Related Neurological Injury Compensation Association."

Remed Espesyal


Lwa sa a di si w gen yon problem lè ti bebe a fet, epi problem sa a kouvri nan Plan, ni ti bebe a ni fanmi ti bebe a pa gin dwa resevwa kob nan lot proce.

Kondisyon Plan sa a E Ki Sa Li Kouvri

Le yon ti bebe fè vivan, e li peze 2,500 gram lè li fet, epi li domaj, Plan sa a kouvri domaj ki rive selman nan mouel epinyè li, ou byen nan sevel li. Si moun lan fè marasa, pwa tibebe yo lè li akouche se 2000 gram pou chak. Koze Domaj la kapab pou tet ti bebe a pate resevwa anse oksijen, ou pou yon rezon mekanik. Problem sa a fòk rive oubyen pandan maman gen kontraksyon, ou bien pandan nesans la, oubyen pandan dokte apre fè efo pou resusite ti bebe a tou suit apre nesans la. Epi tou, nesans la dwe rive nan lopital, pa lakay.

Pou Plan sa a kouvri fanmi a, ti bebe a dwe domaj an pemanans nan sevel li, oubyen nan kò li. Si ti bebe a gen yon problem pou rezon konjenital. Plan sa a pa kouvri

problem nan. Plan sa a kouvri problem selman dokte ki se mamb nan Plan an.



Ki Sa Ki W Kapab Resevwa

- Depans ki nesese ak rezonab pou sèvis, medikaman, ekipman, delasman, eksepte depans ki garanti avèk gouvènman federal, oswa gouvènman eta Florida, oswa yon lot konpanye asirans.
- Fanmi oswa gadyen tibebe a p ap resevwa plis pase 250,000 dola. kantite lajan maksimòm rekonpans sa a ogmante chak 1ye janvyè a 3% jan sa endike nan seksyon. 766.31, Lwa Jeneral Florida (2021).
- Avantaj pou si gen lanmò pou yon kantite lajan \$50,000.
- Depans rezonab ki rive lè nou mande konpansasyon, ak kantite lajan ki rezonab pou avoka.

NICA se youn nan sèlman de (2) program konsa nan peyi a, e li dedye pou jere yon fon ki bay konpansasyon pou paran ki gen timoun ki kapab genyen yon domaj newolojik lè yo fèt ki kalifye. Plan an pran apwòch "San Fot" pou tout moun ki enplike. Sa vle di pa gen okenn pwosè ki koute chè k ap obligatwa epi paran timoun nan ki kalifye dapre lalwa pou li fè yon plent nan Divizyon Jijman Administratif kapab benefisye ke Plan an peye pou tout depans medikal ak swen lopital.

Ou kalifye pou pwoteksyon sa a si doktè ou se yon doktè ki patisipe nan Plan NICA a. Si doktè ou se yon doktè ki patisipe, sa vle di doktè ou achte benefis sa a pou si toutfw pitit ou ta soufri yon domaj newolojik lè li fèt, ki kalifye li dapre lalwa. Si doktè ou ba ou yon kopi fòm ki gen enfòmasyon sa a, doktè ou ap kite w kone ke youn oswa plizyè doktè nan klinik ou a patisipe nan Plan NICA a.